



Kesyon ou ka genyen

(ASQ®-3 ak ASQ®: SE-2) Pou Fanmi

K. Poukisa pitit mwen dwe fè kesyonè ASQ®?

A. Ages and Stages Questionnaires® (ASQ®) yo se kesyonè devlopman ke nou itilize pou idantifye pwoblèm devlopman, sosyal ak emosyonèl, li ede paran yo idantifye etap enpòtan pitit yo epi detèmine si yon swivi nesèsè.

K. Èske kesyonè an bay yon dyagnostik?

R. Non, kesyonè an bay yon apèsi sou devlopman ak konpòtman timoun nan, **LI PA YON DIAGNOSTIK**. Kesyonè an ede pwofesyonèl yo detèmine si timoun nan bezwen plis èd. Si timoun nan bezwen plis èd, spesyalis yo ap rekòmande yon evalyasyon pi apwofondi.

K. Poukisa paran/gadyen yo ta dwe ranpli kesyonè yo?

A. Antan ke Paran/gadyen nou konnen pitit nou pi byen. Si sa posib, li rekòmande pou paran/gadyen an fè kesyonè yo.

K. Ki diferans ki genyen ant ASQ®-3 ak ASQ®: SE-2?

A. ASQ®-3 konsantre sou pwogrè, devlopman, mouvman, kominikasyon ak rezoud pwoblèm. ASQ®: SE-2 konsantre sou devlopman sosyal avèk emosyonèl epi li gen ladan kesyon sou konpòtman, kijan timoun lan swiv enstriksyon ak entèraksyon.

K. Ki kote paran/gadyen yo kapab ranpli kesyonè yo?

A. Kesyonè yo disponib sou Florida's Early Learning Family Portal (Family Portal) <https://familyservices.floridaearlylearning.com/>. Apre yo fin siyen Sètifika Peman an, yo pral mande paran/gadyen yo pou bay pèmisyon yo pou konplete kesyonè yo.

K. Èske paran/gadyen yo oblije bay pèmisyon pou kesyonè (yo)?

R. Non, paran/gadyen yo gen dwa refize bay pèmisyon kesyonè (yo). Desizyon paran an pou apwouve oswa refize kesyonè yo pa enfliyanse admisyon nan School Readiness Program lan. Yon fwa paran/gadyen yo bay pèmisyon, lekòl la responsab pou konplete kesyonè an si paran/gadyen an pa ranpli li nan 5 jou.



K. Kilè paran/gadyen yo ranpli kesyonè yo?

A. Depi paran/gadyen yo siyen Sètifika Peman an epi bay pèmisyon pou kesyonè (yo), yo pral gen yon opòtinite pou konplete kesyonè (yo) sou Family Portal lan pou 5 jou. Si paran/gadyen pa kapab ranpli kesyonè (yo) nan 5 jou, kesyonè (yo) ap transfere otomatikman nan Florida's Early Learning Provider Portal (Provider Portal), kote lekòl timoun nan pral ranpli epi soumèt fòm nan.

K. Èske paran/gadyen yo ka konplete kesyonè yo apre li transfere bay Lekòl la?

A. Paran/gadyen yo pap kapab aksede ou konplete kesyonè (yo) sou Family Portal la apre kesyonè (yo) transfere nan Provider Portal la. Men, nou ankouraje fanmi/gadyen yo travay ak Lekòl la pou konplete kesyonè sa yo

K. Konbyen tan li pran pou konplete kesyonè yo?

A. Chak kesyonè pran ant 10-15 minit pou konplete.

K. Nan ki lang kesyonè yo disponib?

A. kesyonè yo disponib an Anglè ak Panyòl.

K. Chak kilè yo ap fè kesyonè yo pou pitit mwen?

A. Yo ofri kesyonè yo chak ane pandan nouvo enskripsyon ak re-detèminasyon pou School Readiness Program la.

K. Kijan paran/gadyen yo ka jwenn rezilta kesyonè yo?

A. Rezilta kesyonè yo disponib sou Florida's Early Learning Family Portal (Family Portal) apre anplwaye Coalition an fin apwouve yo.

K. E si yon timoun nan nivo enkyetid oswa siveyans la?

A. Si yon timoun nan nivo enkyetid la oswa siveyans la, paran/gadyen ap resevwa yon apèl nan telefòn ak email dirèkteman de Citrus Health Network, Inc. Yon espesyalis ap pozew kesyon epi baw rekòmandasyon pou timoun nan, fanmi an ak lekòl la si ou vle rekòmandasyon sa yo .

K. E si yon timoun nan nivo nòmal la?

A. On timoun nan nivo nòmal la bon! Si paran/gadyen yo gen enkyetid nan nivo nòmal la, tanpri kontakte ekip nou an pou diskite inkietid sa yo.

K. Ki kote paran/gadyen yo ka jwenn èd pou yo konplete kesyonè yo?

R. Nou ankouraje paran/gadyen yo gade videyo nou yo pou jwenn repons a kesyon ou yo. Ekip nou an disponib pa email nan ASQ@elcmdm.org oswa telefòn nan 786.433.3095.